

AZIL

Azil se yon fòm pwoteksyon yo akòde yon moun ki apèn rive, oubyen ki ap viv nan peyi Etazini, paske l ap kouri pou pèsekisyon. Menm jan ak refijye a, yon moun k ap mande et chèche azil ka benefisyé pwoteksyon sila a, depi li rive pwouve rezon ki fè li kite peyi l la epitou ki fè li pa fouti tounen ladann nan, se paske li t ap sibi pèsekisyon, oubyen li vin gen yon gwo laperèz paske l konnen lakoz ras li, chwa reliyon li, nasyonalite li, opinyon politik li, oubyen jis paske li deside entegre oubyen fè pati yon gwoup sosyal an patikiliye, pèsekisyon ap sot diferan kote vide sou li.

Refijye a ak sila ki jwenn Azil la gen yon ti diferans. Premye a, (sa vle di refijye a) li benefisyé stati sa a pandan li pa menm bezwen sou teritwa Etazini an, alos ke pou yon moun rive jwenn azil fòk li te déjà rive sou teritwa Etazini an, oubyen fòk li ta sou fwontyè Etazini an ap mande pou yo kite l antre sou teritwa a. Se yon fòk li ye pou Etazini ofri refijye a ak sila k ap mande Azil la pwoteksyon. Paske gen dwa entènasyonal ki egzije li pou li aji konsa. Selon dwa sa a, li pa fouti voye yon moun tounen nan yon peyi moun sila a riske sibi pèsekisyon. persecution.

Kijan m ka fè pou m mande Azil?

Gen de fason pou sila k ap mande azil la mande Azil nan peyi Etazini:

- **Gen sa yo rele demand afimativ yo :** - Tout moun ki déjà jwennn yo nan peyi Etazini kapab fè yon demand «afimativ» devan sèvis meriken ki okipe sitwayente ak imigrasyon (Sèvis sitwayènte ak imigrasyon etazini).
- **Gen sa tou yo rele demand «defansif» yo :** Tout moun ki swat nan detansyon oubyen ki nan pwosedi ekspilsyon (sa vle di yo pral voye tounen nan peyi yo), ni tou moun ki gentan rive sou fwontyè etazini, gen dwa fè demand «defansif» devan yon jij imigrasyon ak egzekitif ofis Imigrasyon.

Kondisyon w dwe ranpli pou w ka benefisyé azil

Pou w ka benefisyé azil la, ou dwe ka demontre:

- Yon pèsekisyon ou sibi (Fòk li se yon prejidis grav menm si l pa bliche gen pou wè ak yon prejidis fizik)
- Yon «lakrent ki byen fonde» sou pèsekisyon ki ta gen pou vini (lakrent pou yo ta fè w mal si w ta retounen orijin ou)
- Lakoz omwen youn nan eleman sa yo:
 - Ras ou
 - Relijyon w
 - Nasyonalite w
 - Opinyon politik ou (reyèl oubyen sipozisyon)
 - Paske w fè pati yon gwoup sosyal an patikilye (tankou oryantasyon seksyal ou, fanmi w elatriye..)
- Lè zak sa yo fè pa Gouvènman an oubyen yon gwoup gouvènman peyi w pa gen kontwòl

Sa ki ka bloke yon dosye Azil

Men kèk rezon ki ka fè yon moun pa benefisyé AZIL:

- Si ou rive Etazini, ou kite yon lane pase ou pa janm fè demand lan (sof si w ta ka pwouve yon chanjman sikontans, oubyen yon sikontans ekstraòdinè, ki ka eksplike reta w gen nan depo demann lan)
- Si w te al ret nan yon lòt peyi avan w rive Etazini.
- Si ou menm ou te yon pèsekité (ou te fè lòt moun mal), si w reprezante yon danje pou Etazini, si ou te komèt yon zak teworis oubyen yon krim grav nan Etazini oubyen nenpòt lòt peyi a.

Join BAJI's Bi-Weekly Virtual Asylum Support Webinar with the
BAJI Legal Team! Scan the QR code or join us at
<https://bit.ly/3xByv5g>. Email Juharah@BAJI.org for dates and time.

